


Nou vle ou konnen ke malgre nan pozisyon ou ye a, Bondye renmen nou, e li gen yon plan ak yon objektif pou lavi ou. Bondye kenbe ou vivan pou ka wè jou sa a, e Mwen rekonesan anwè opòtinite sa a mwen jwen pou mwen ekri ou. Si' w deja aksepte Jezi Kris kòm sovè'w ki delivre'w anba peche, kè nou kontan ansanm avèk'w. Men, si ou poko janm te fè sa, n'ap mande'w pandan w ap li lèt sa a, w'ap pran yon tan pou'w reflekte sou seriozite la vi e jan la vi sa brèf. Bib lan di, « **Ou fe yo pase tankou yon rèv, tankou pye zèb ki leve yon jou maten. Li grandi, li fleri, nan aswè li fennen, li cheche** »(Sòm 90 :5-6). Somist lan priye li di : **Montre nou pou nou pa bliye jan lavi nou kout, pou nou kapab chache konprann tout bagay » (Som 90 :12).**

Pi gwo jwa yon moun fè eksperyans ak, se jwa ou jwenn le'w konnen Jezi kom savè pesonel ou. Pi gwo lapenn ki gen nan vi sa e pou letènite se le'w pa konnen Jezi. **"Kisa sa ta sèvi yon moun pou'l ta genyen lemonn antye si'l pèdi lavi li ? Kisa yon moun kapab bay pou'l gen lavi » ? (Matye 16 :26)**

Li enpòtan anpil ke nou gen yon konpreyansyon klè nde sa Jezi te fè pou nou lè Li te mouri sou kwa a. Bib la anseye nou ke lanmò li, se pi gwo ekspresyon renmen Bondye bay nou tout. Li te bay lavi'l pou'l anpeche nou pase letènite apa de prezans Bondye. **"Paske, Bondye sitèlman renmen lèzom li bay sèl Pitit Li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap jan fini an » (Jan 3 :16).** Sa se renmen!

Sali-a li se yon kado gratis. Nou pa ka reyalize li, ni nou merite li. Nou kapab wè sa pi klè lè nou konprann ke Bib la deklare plizye fwa ke nou se pechè e nou pa kapab sove tèt nou. Nan konsidere kesyon peche an, nou ap fè fas de reyalite



Premye reyalite a se, moun pa pran peche pou anyen. Nou denye egzistans li, nou pran'l pou plezi, e gade'l kom yon bagay ki komik. Dezyèm reyalite se ke Bondye pran peche pou anpil bagay. Li te di : « **Moun ki fe peche se yo kap mouri** » (Ezekyèl 18 :20) Pawol Bondye a deklare'n tou : « **Peche peye nou kach : li ban nou lanmo,**

Men, Bondye, paske li si telman renmen nou, voye Pitit li a, Jezi, pou mouri pou peche nou yo, e achte yon plas nan syèl la pou nou ke Li ofri kòm yon kado gratis. « **Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa sòti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non nou paf è anyen pou sa, konsa pèsonn pa ka vate tèt yo** » (Efezyen 2 :8-9)

Ki jan w resevwa kado gratis sa a? Ou resevwa kado sa a lè ou mande'l padon pou peche ou epi envite l nan kè ou; kwè nan Jezikri selman pou Sali ou. Bib la di : « **Koute. Mwen mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa'm, si'l louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè'l, l'a manje ansanm avèk mwen** » (Revelasyon 3 :20)

Si ou kwè ke peche kont Bondye renmen an e ki jis lan e ou ta renmen resevwa kado gratis lavi ki pap janm fini an, gremesi Jezikri, nap ankouraje' w priyè lapriyè sa a:

Chè Bondye, Mwen reyalize ke mwen se yon peche e ke mwen merite jijman ou yo. Mwen kounye a rekonèt ke Kris la te mouri nan plas mwen, li pran jijman mwen merite a. Mwen kounye a mete konfyans mwen nan Jezi Kris la ak resevwa kom Sove'm e Seyè'ma. Mwen kanpe sou otorite pawol ou pou mwen repanti e aksepte padon ou e netwayaj peche mwen yo. Mwen aksepte kado lavi etenel ou banm lan. Mesi Senye deske's sove'm

If you have prayed to receive Jesus as your Savior, we encourage you to return the form below to the address on front. We look forward to hearing from you.

Sincerely because of Calvary,

- I have prayed the sinner's prayer, inviting Jesus to be my Savior.
- I strayed from the Lord but have now surrendered my life to Him. I would like to

Name: _____

Address: _____